

PWOGRAM ESPESYALIZASYON AK AKADEMI KARYÈ

Konsènan Pwogram Espesyalizasyon yo

Pou aprann plis sou pwogram Espesyalizasyon ki disponib nan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la:

- Vizite Depatman Opsyon Chwa ak Karyè nan paj entènèt www.palmbeachschools.org/choiceprograms
- Eksplòre opsyon Espesyalizasyon yo epi soumèt aplikasyon ou nan www.mypbchoiceapp.com
- Vini nan Ekspozisyon Anyèl Lekòl yo
- Vizite paj elektwonik lekòl yo ansuit vini nan reyinyon jeneral yo a
- Imèl kesyon w yo nan choicequestions@palmbeachschools.org
- Pou jwenn enfòmasyon detaye sou pwosesis Espesyalizasyon yo, vizite www.palmbeachschools.org/choiceprograms.

Pwogram Espesyalizasyon ak Akademi Karyè

Fanmi ki gen timoun k ap antre nan jadendanfan jiska 12yèm ane gen opòtinite pou yo chwazi pami yon lis pwogram eskolè yo ofri nan nivo elemanntè, mwayen, ak segondè ki ofri ansèyman akademik modèn ak rigoure ak pwofesè ki espesyalman byen fòmè. Pwogram sa yo bay elèv yo yon oryantasyon akademik ak pwofesyonèl aprè segondè. Elèv yo kapab aplike pou yonn oswa de (2) pwogram espesyalizasyon oswa akademi karyè ki gen espas disponib. Yo fè seleksyon pou plasman nan prentan chak ane atravè yon pwosesis lotri. Yo bay transpò sèlman nan zòn yo deziyen pou jwenn transpò. Pwogram sa yo bay elèv yo yon oryantasyon pou edikasyon apre lekòl segondè ak pou karyè.

Pwogram Espesyalizasyon

Pwogram Espesyalizasyon yo enkli kontinyasyon Boza K-12, Kontinyasyon Bakaloreya Entènasyonal K-12, Kontinyasyon Bileng K-12, pwogram Akademi Cambridge pou elemanntè ak segondè, pwogram STEM (Syans, Teknoloji, Jeni, ak Matematik) nan tout nivo, ak Montessori elemanntè STEAM (STEM + Boza), Syans Anviwònmantral ak Animal, ak pwogram Sante ak Byennèt.

Pwogram Akademi Karyè—Preparasyon pou Endistri ki enterese w yo

Pandan w travay ak pitit ou pou fè meyè chwa edikatif ak planifikasyon sou karyè, tanpri vizite www.mycareershines.org epi itilize tout sa ki disponib ki enterese w. My CareerShines se yon sistèm planifikasyon pou edikasyon ak karyè ki gratis k ap ede pitit ou a nan chwa trajektwa edikasyon li ki aliye avèk chwa yo fè pou karyè. Tanpri fè pitit ou a konekte nan sistèm paj entènèt pou pran avantaj sèvis MyCareerShines mete a dispozisyon yo.

Endistri yo Sible

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach prepare elèv pou karyè pou plizyè sektè li sible ki aliye avèk devlopman ekonomik ak bezwen fòs ouvriye rejyon an. Pandan elèv ou ap planifye trajektwa karyè yo, yo kapab bezwen konsidere pwogram nan endistri yo sible yo tankou Aviyasyon/Ayewoespas/Jeni/Teknoloji Enfòmatis/Telekomunikasyon ak sante. Tout domèn sa yo ofri opòtinite pou yon militid karyè nan lekòl segondè pou travay ki byen peye.

Dat Limit pou Aplikasyon pou Ane 2020–2021 an

13 desanm 2019*: Dat limit aplikasyon si genyen nenpòt nan de (2) chwa yo ki se youn nan lekòl Boza ki pi ba yo

- Bak Middle School of the Arts (tout pwogram yo)
- The Conservatory School @ North Palm Beach - Mizik-Òkès, Mizik-Òkès Enstriman Akòd, ak Mizik Vokal (klas 6-8)
- A. W. Dreyfoos Jr. School of the Arts (tout pwogram yo)
- Boynton Beach High School, Pwogram Dèza (Dans, Medya Dijital, Fanfa, Mizik-klavye/Pyano, Mizik-Vokal, Teyat, ak Atizay vizyèl),
- West Boca Raton Community High School ---- Teyat

24 janvye 2020*: dat limit aplikasyon pou tout pwogram espesyalizasyon ki pa pwogram boza ki nan lis pi wo a. Y ap aksepte aplikasyon anreta apre dat 24 janvye 2020, sepandan, yo p ap enkli yo nan lotri seleksyon mas 2020 an epi y ap antre non yo apre tout aplikan nan lisdatant la fin plase.

**Yo kapab chanje dènye dat aplikasyon pou pwogram Espesyalizasyon yo si gen kèk ka enprevi tankou, men ki pa limite ak: fèmti Distri/lekòl yo, pwoblèm nan fonksyonman kotidyen distri lekòl la, chanjman nan kalandriye lekòl, jou ferye, egzamen, eltr. Y ap mete ajou ak pibliye nouvo dat limit yo.*

Opsyon Aplikasyon pou Pwogram Espesyalizasyon ak Pwogram nan Lekòl la

Tout pwogram ki deziye kòm "In-House" "Nan-Lekòl la" disponib sèlman pou elèv ki rete nan zòn lekòl ki gen pwogram nan. Nou ankouraje w anpil ranpli aplikasyon pou pwogram Nan-Lekòl la paske li ogmante pwobablite yo pran elèv la nan pwogram nan.

Tout lòt pwogram Akademi Karyè ak Espesyalizasyon yo egzije yon aplikasyon Chwa ak seleksyon atravè chwa yon pwosesis lotri. Pwogram sa yo disponib pou tout elèv kèlkeswa zòn li rete. Si elèv la aplike pou yon pwogram Espesyalizasyon lekòl zòn li ofri, pwogram lekòl zòn nan dwe plase anvan kòm premye chwa.

Opsyon pou Soumèt Aplikasyon

Entènèt: Ranpli aplikasyon pwogram Espesyalizasyon sou entènèt nan www.mypbchoiceapp.com. Se pi bon metòd pou soumèt ak travay sou aplikasyon an byen vit. Paran yo dwe kreye yon kont paran k ap pèmèt gen aksè ak wè 7/24 nan ki pwen aplikasyon yo te soumèt la ye. Pòtay paran yo disponib 7/24 pou we nan ki pwen aplikasyon an ye ak dènye mesaj enpòtan ki ajou.

Kopi Papyè: Ap genyen yon kopi papyè aplikasyon an ap disponib nan www.palmbeachschools.org/choiceprograms ak nan biwo Depatman Opsyon Espesyalizasyon ak Karyè.

ENFÒMASYON JENERAL

Adrès ak Rezidans nan Aplikasyon an

Adrès elèv la jan l ye nan (SIS) la ki se sistèm enfòmasyon sou elèv la nan distri a, dwe ajou epi matche adrès paran/responsab la nan y ap soumèt aplikasyon an. Si elèv la apenn chanje rezidans, yo dwe mete adrès la ajou nan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la avan yo soumèt aplikasyon an. Chanjman adrès ki fèt apre aplikasyon an ak/oswa pwosesis lotri a kapab afekte pozisyon aplikasyon an oswa patisipasyon nan espesyalizasyon.

Paran ak elèv la dwe rezidan aplan nan Rejyon Palm Beach nan dat l ap soumèt aplikasyon an. Moun ki pa rezidan nan Rejyon Palm Beach pa kalifye pou aplike nan yon pwogram Espesyalizasyon sof si paran an oswa responsab la se anplwaye aplan nan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la.

Chanjman Adrès apre yo fin Soumèt Aplikasyon an

- Si adrès aplikan an chanje apre aplikasyon an fin soumèt, y ap voye yon nòt pa imèl pou revize chwa yo dapre nouvo adrès elèv la.
- Aplikasyon ki pa ajou apre yon chanjman adrès ap vin diskalifye otomatikman pou lotri chwa a.
- Yo pa pèmèt chanjman adrès akoz relokasyon apre dat limit aplikasyon an pibliye.
- Yon adrès ki pa ajou apre yon demenajman kapab lakoz yo revoke yon plasman nan yon pwogram espesyalizasyon
- Aplikan ki demenaje andeyò Rejyon Palm Beach nenpòt lè avan, pandan oswa apre aplikasyon lotri a ak/oswa pwosesis plasman an, y ap make inelijib sou aplikasyon an epi/oswa y ap revoke plas yo akoz yo demenaje ale andeyò rejyon an.
- Aplikan yo te plase nan yon pwogram espesyalizasyon kòm yon elèv ki nan zòn lekòl la (in-boundary) ki demenaje avan premye jou nan ane lekòl la, y ap retire l nan lis "in boundary" a epi y ap plase nan yon lisdatant kòm yon elèv "out-of-boundary". Si vin genyen yon plas disponib, yo kapab plase elèv la kòm yon aplikan ki pa rete nan zòn lekòl la ("out-of-boundary").
- Yon elèv "in-boundary" ki te anwole nan yon pwogram espesyalizasyon (elèv lekòl primè—omwen twa zan; elèv segondè—omwen dezan) kapab rete nan pwogram nan kòm yon elèv "Out of Boundary" (OOB) apre demenajman, si genyen plas disponib, si direktè/tris la apwouve l, epi elèv la kontinye respekte tèm kontra pwogram nan. Yo dwe soumèt prèv demenajman an epi Depatman Espesyalizasyon ak Opsyon Karyè dwe verifye li.
- Yon elèv ki anwole nan yon pwogram nan lekòl zòn li pa elijib pou l rete nan pwogram nan si li demenaje andeyò zòn lekòl la.

Odisyon

Lekòl pi ba yo ekzije odisyon pou detèmine kalifikasyon:

Bak Middle School of the Arts (tout pwogram yo), The Conservatory School @ North Palm Beach—Mizik--- fanfa ak Mizik—Enstriman akòd pou òkès (klas 6–8), A.W. Dreyfoos Jr. School of the Arts (tout pwogram yo), Pwogram Boza Boynton Beach Community High School, ak Pwogram A-Teyatral West Boca Raton Community High.

Lekòl boza respektif la ap pwograme odisyon pou aplikan yo. Y ap enfòme aplikan yo aksepte yo pa lapòs ak/oswa imèl sou pwosesis odisyon an ak/oswa lè ak dat pou elèv la vin nan odisyon an

- Elèv yo dwe prezan nan odisyon an. Si yon elèv malad nan dat odisyon an, yo kapab bay elèv la yon nouvo dat ak lè pou yon nouvel odisyon osito lekòl la resewva yon nòt medikal ki verifye elèv la te malad. Elèv la dwe soumèt lèt verifikasyon sa a bay lekòl boza nan yon peryòd twa (3) jou swivi dat odisyon an. Se lekòl la sèlman ki kapab seleksyone yon nouvel dat ak lè si genyen plizyè dat odisyon disponib.
- Se responsablite paran/responsab la pou enfòme lekòl k ap fè odisyon an sou IEP oswa plan 504 ki an sipan, elèv la lè l ap enskri pou odisyon an ak/oswa sou dat odisyon an (yo).
- Pi gwo nòt obligatwa pou kalifye pou odisyon pou klas nivo eleve nan Bak Middle School of the Arts, The Conservatory School @ North Palm Beach, A.W. Dreyfoos Jr. School of the Arts, and Boynton Beach High School Arts Program, ak West Boca Raton Performing Arts Program. Kontakte lekòl la separeman pou plis enfòmasyon.

Pou plis enfòmasyon konsènan admisyon ak direktiv sou odisyon, vizite sit entènèt lekòl la dirèkteman:

- **Bak Middle School of the Arts:**
<http://www.msoa.com/>
- **The Conservatory School @ North Palm Beach:**
<https://csnp.palmbeachschools.org/>
- **A.W. Dreyfoos School of the Arts:**
<https://dsoa.palmbeachschools.org/>
- **Boynton Beach Community High School (Arts programs):**
<https://bbhs.palmbeachschools.org/>
- **West Boca Raton Community High School (Performing Arts)**
<https://wbrh.palmbeachschools.org/>

Paran/responsab ki kwè yo pat bay pitit yo yon opòtinite kòm sadwa nan yon pwogram Espesyalizasyon pandan odisyon an oswa pwosesis kalifikasyon an akoz yon pwoblèm teknik oswa inegalite, kapab ale ann apèl.

- Yo dwe soumèt yon aplikasyon pou apèl pou kalifikasyon nan pwogram Espesyalizasyon nan entèval senk (5) jou dat odisyon an bay Direktè Opsyon Espesyalizasyon ak Chwa yo. Yo kapab telekopye Aplikasyon pou Apèl nan Pwogram Espesyalizasyon an nan <https://www2.palmbeachschools.org/formssearch/pdf/2418.pdf>

Plas Disponib nan Pwogram Espesyalizasyon yo

Plis plas ki disponib nan chak lekòl se pou elèv k ap antre nan klas jadendanfan (K), sis (6), oswa nèf (9). Manyèl pou Chwa a, paj 44-57, bay yon echèl sou kantite plas ki disponib pou chak pwogram. Chif sa yo pa yon garanti sou kantite plas ki disponib pou chwa lotri 2020–2021 la paske chanjman nan valè imobilye ak/oswa nan zòn limit yo gen enpak.

Seleksyon Pwogram Espesyalizasyon

Se yon sèl aplikasyon yon elèv kapab soumèt. Yo kapab chwazi yon maksimòm de (2) chwa preferans pou chak aplikasyon Chwa yo kapab nenpòt konbinezon pwogram oswa lekòl. Aplikan klase ant premye ak dezyèm chwa dapre lòd preferans yo. Premye ak dezyèm chwa pa gen menm chans pou yo seleksyone yo. Seleksyon yon dezyèm chwa pa diminye chans yon elèv pou yo plase l nan premye chwa li a.

- Chwa yo kapab konbinezon nenpòt pwogram oswa lekòl, aleksepsyon seksyon Doub Pwogram pi ba yo.
- Kapab pa gen dezyèm chwa pou elèv ki pase nan lotri a akòz plas ki limite nan Pwogram yo.
- Y ap pèmèt sèlman seleksyon yon sèl chanjman nan pwogram Espesyalizasyon an avan dènye dat ki te pibliye yo.
- Aplikasyon pou yon pwogram boza kote seleksyon baze sou odisyon p ap kapab chanje apre dat limit 13 desanm 2019 la.

Pwogram ki Disponib nan de (2) Lekòl

Si yon elèv aplike pou yon pwogram lekòl zòn li a ofri, pwogram lekòl li a ofri a dwe parèt kòm premye chwa sinon yo p ap travay sou aplikasyon an, avèk eksepsyon limite:

- Elèv ki rete nan zòn yon lekòl ki gen yon anwòlman 95% oswa plis, ap kapab aplike nan yon pwogram similè yo ofri nan yon lòt lekòl.
- Tout elèv yo kapab aplike pou premye chwa nan lekòl espesyalizasyon sa yo: Suncoast Community High School, A.W. Dreyfoos Jr. SOA, Don Estridge High Tech MS, BAK MSOA, Morikami Park ES, Northboro ES, Poinciana ES, SD Spady ES ak Village Academy.

Elijiblite Aplikan yo

Pou yo kapab konsidere kalifikasyon aplikan yo pou lotri a, yo dwe satisfè kritè espesifik sa yo:

- Tout aplikan dwe satisfè obligasyon sou laj ak rezidans.
- Pa gen kritè pou kalifikasyon nan pwogram Espesyalizasyon pre-k oswa elemantè, aleksepsyon Pwogram Bi-leng yo. Akòz rigè Pwogram Bi-leng yo apre klas 1ye ane, aplikan yo dwe resevwa yon nòt ki kalifye yo nan yon ekzamen ki detèmine kalifikasyon yo. Elèv k ap antre nan yon Pwogram Bi-leng Panyòl pou premye fwa nan klas 2-5yèm ane, dwe pase yon ekzamen sou konpetans pou detèmine kalifikasyon l avan pou l kalifye pou lotri pwogram Espesyalizasyon an.
- Kritè kalifikasyon pou elèv lekòl entèmedyè masyone nan paj 6 manyèl la.
- Kritè kalifikasyon pou pwogram ochwa nan lekòl segondè ki nan lis sou paj 7 manyèl sa a.
- Elèv ki pa ranpli kritè kalifikasyon yo p ap elijib epi yo p ap patisipe nan lotri pou pwogram sa a.
- Si yo detèmine yon elèv pa kalifye pou seleksyon premye chwa, pwogram seleksyon dezyèm chwa a pa voye l nan premye chwa a kòm preferans.
- Elèv yo kab pa ka aplike pou yon pwogram Espesyalizasyon nan menm lekòl kote yo nan pwobasyon an.
- Si yon elèv soti nan yon pwogram Espesyalizasyon, li pa kalifye ankò pou l aplike pou menm pwogram Espesyalizasyon ki nan lekòl li kite a nan kèlkeswa dat aplikasyon an alavni.

Kalkil GPA pou Elijiblite

Pou elèv k ap antre nan 9yèm ane, yo kalkile mwayèn jeneral (GPA) sou yon total tout klas yo pou: 4yèm peryòd nan 7yèm ak 1ye ak 2yèm peryòd nan 8yèm ane.

Pou elèv 10yèm – 12yèm ane (GPA) mwayèn jeneral la ap baze sou GPA elèv la te akimile nan moman yo detèmine kalifikasyon an.

Kalkil GPA nenpòt lekòl entèmedyè prive (klas 6-8yèm) y ap akomode orè trimestriyèl aplikan an avan piblikasyon rezilta lotri a.

Edikasyon Elèv Adomisil yo

Edikasyon elèv adomisil yo dwe apentant nan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach. Pou detèmine kalifikasyon pou plizyè pwogram, yo dwe soumèt kanè, relvenòt ak/oswa dosye elèv edikasyon adomisil la bay lekòl aplikan (yo) pou detèmine kalifikasyon, pa pita pase 3 fevriye 2020. Yo kapab mete ajou dokiman pou kalifikasyon yo nan aplikasyon sou entènèt la jiska 24 janvyè 2020. Kontakte kowòdinatè/tris pwogram Espesyalizasyon nan lekòl la (yo) pou plis enfòmasyon oswa imèl kesyon w yo bay Home-Ed nan homeed@palmbeachschools.org.

"In-House" konpare ak "In Boundary"

Yon pwogram "in House" se yon pwogram yo ofri pou elèv ki rete nan zòn lekòl la. Elèv "Out of Boundary" (ki pa rete nan zòn nan) pa dwe aplike pou yon pwogram "In House". "In Boundary" refere ak aplikan oswa elèv ki ale oswa ki nan yon pwogram espesyalizasyon epi ki nan zòn lekòl kote yo ofri pwogram nan. Elèv "Out of Boundary" yo kapab aplike pou yon pwogram espesyalizasyon nan nenpòt lekòl.

Pwosesis pou Seleksyon Lotri a

Lotri pwogram Espesyalizasyon pou Ane 2020–2021 an ap fèt an mas 2020. Nan pwosesis seleksyon lotri a, genyen preferans pou seleksyone aplikan yo. Preferans sa yo aplike pou seleksyon premye chwa pou aplikan ki "Out of Boundary" sèlman. Kantite plas "Out of Boundary" ki disponib pou chak pwogram kalkile chak ane apre yon fin revize anwòlman aktyèl la ak pwojeksyon. Yo kapab plase yon elèv kòm yon "In boundary" oswa "Out of Boundary" tou depann prèv adrès yo te genyen nan moman pwosesis lotri seleksyon an. Si yon pwogram genyen plis aplikan ki fè premye chwa a pase kantite plas ki disponib, y ap plase aplikan yo atravè pwosesis lotri a dapre sistèm preferans yo te apwouve nan lòd sa a (deskripsyon chak preferans masyone pi ba a):

1. 20% nan lis direktè/tris la (opsyonèl)
2. Anplwaye
3. Militè
4. Priyorite SAC
5. Frè ak sè (ki nan menm lekòl la sèlman)
6. Kontinuite

20% Direktè/tris la preferan se seleksyon opsyonèl elèv ki baze sou kèk kritè chak direktè/tris te etabli avan lotri a. Malgre tout elèv yo te plase selon preferans sa a satisfè kritè ki te etabli a, se pa tout elèv ki satisfè kritè ki te etabli a y ap konsidere pou preferans 20% Direktè/tris la. Aplikan ki gen paran oswa responsab legal k ap

travay nan lekòl kote elèv la aplike kòm premye chwa li, yo balie preferans. Tout anplwaye oblije aplike nan dat limit yo endike a oswa y ap konsidere aplikasyon an anreta.. Nouvo anplwaye nan lekòl kote yo ta renmen aplike a kapab soumèt yon aplikasyon anreta, sepandan, yo pa garanti y ap chwazi yo.

Yo bay aplikan ki gen paran oswa responsab li aktif aplentan nan sèvis militè preferans. Aplikan an dwe pase kòm yon depandan nan Sistèm Rapò Kalifikasyon pou Anwolman nan Defans (DEERS). Paran/Responsab ki nan rezèv oswa Gad Nasyonal yo plase an sèvis aktif pou egzijans fòmasyon anyèl p ap jwenn preferans nan Chwa lotri a. Pou kalifye pou preferans militè, dwe gen yon lòd ofisyèl ki montre yon sityasyon sèvis aktif ak prèv depandans tankou Nimewo kat ID militè elèv la enkli nan aplikasyon an.

Yo bay aplikan ki rete nan zòn ki deziye, preferans Priorite SAC, si y ap aplike pou youn nan sis lekòl sa yo: Morikami Park Elementary, Northboro Elementary, Poinciana Elementary, SD Spady Elementary, Bak Middle School of the Arts, Suncoast High—Teknoloji Inovativ Entèraktiv sèlman.

Frè ak Sè gen preferans pou aplikan ki gen frè/sè ki deja nan lekòl Espesyalizasyon kote aplikan an aplike pou premye preferans li. Frè/Sè dwe gen plan pou l kontinye anwole nan lekòl la pou ane k ap vini anepi rete nan menm adrès ak aplikan an. Frè/Sè a dwe nan lis seksyon aplikasyon "Sibling" nan aplikasyon pou Espesyalizasyon an yon fason pou yo kapab verifye preferans la. Yo pap konsidere frè ak sè ki aktyèlman nan 5yèm, 8yèm, oswa 12yèm ane pou preferans sa a paske yo p ap pwogram pou vini lekòl la ane k ap vini an. frè ak sè ki pa t nan lis la avan lotri seleksyon an p ap jwenn preferans frè ak sè apre sa.

Yo ofri preferans nan kontinuite si aplikan an te konplete yon pwogram espesyalizasyon preparatwa nan menm domèn nan (Boza, IB, STEM, Bileng, eltr.) nan yon pi piti klas. Aplikan k ap aplike pou yon pwogram 6yèm ane oblije te konplete klas 4-5yèm ane nan yon pwogram espesyalizasyon preparatwa nan menm domèn nan pou yo ba li preferans sa a. Aplikan k ap aplike pou yon pwogram 9yèm ane dwe te konplete espesyalizasyon preparatwa nan menm domèn nan nan klas 7 ak 8yèm ane. Tout lòt elèv yo dwe te konplete dezan avan yo nan yon pwogram espesyalizasyon nan menm domèn nan.

Preferans nan kontinuite pou elèv IB*/IB MYP —Aplikan ki te fè premye chwa pou kontinyasyon IB MYP lekòl segondè ki te konplete klas 7yèm ak 8yèm (MYP nivo 2 ak 3) avèk satisfaksyon epi ki te satisfè obligasyon pou kalifikasyon IB ap gen pou ale nan lekòl patnèchip MYP:

Carver MS > Atlantic HS

John F. Kennedy MS > Suncoast HS

Conniston MS > Forest Hill HS

Pahokee MS > Pahokee HS

H.L. Watkins MS > Dwyer HS*

Pwosedi Apre Lotri a

Pou konplete yon pozisyon lotri nan yon pwogram Espesyalizasyon, paran/responsab yo dwe aksepte plas la nan platfòm paran yo a. Lekòl yo ap voye dokimantasyon ki gen rapò avèk pwogram Espesyalizasyon lekòl la dwe retounen nan lekòl avan dènye dat limit lekòl la bay la.

- Tout pwogram Espesyalizasyon yo ekzije kòm kondisyon pou admisyon, pou paran/responsab legal yo siyen yon kontra kote yo dakò avèk obligasyon sou chwa elèv la pou lekòl Espesyalizasyon an.
- Elèv yo seleksyone ki aksepte plasman nan yon pwogram Espesyalizasyon dwe dakò pou patisipe aplentan. Elèv ki ta renmen patisipe nan Doub Pwogram/Early Admit dwe soti nan pwogram Espesyalizasyon lekòl la pou retounen nan lekòl ki nan zòn yo si sa afekte abilite yo pou yo ranpli kondisyon pou fè devwa yo pou lekòl Espesyalizasyon an.
- Yonfw a yo plase yon elèv nan yon lekòl, li pa kapab chanje pwogram yo te plase l atravè lotri a.

Elèv Lekòl Prive yo

Elèv lekòl prive pou yo kalifye dwe rezidan aplentan nan Rejyon Palm Beach. Pou detèmine kalifikasyon pou plizyè pwogram, elèv la dwe soumèt kanè, relve nòt ak/oswa lòt dosye bay lekòl l ap aplike a (yo) pou detèmine kalifikasyon l, pa pita pase 3 fevriye 2020. Yo kapab telechaje dokiman pou kalifikasyon yo nan aplikasyon sou entènèt la jiska 24 janvyè 2020. Kontakte kowòdonatè/tris lekòl Espesyalizasyon an(yo) pou plis enfòmasyon.

Pwosedi pou Soti, ak Pwobasyon

Si yon elèv soti nan pwogram yon lekòl Espesyalizasyon, volontèman oswa envolontèman, elèv la pa kalifye pou rete nan lekòl la kòm yon elèv ki pa nan Espesyalizasyon. Paran oswa responsab la gen dwa pou l retire elèv la nenpòt lè, men li rekòmande pou retire l nan fen trimès la oswa ane a.

- Y ap tcheke enfòmasyon sou elèv pou pwogram ki seleksyone yo. Y ap mande elèv yo jwenn fotif apre yo fin tyeke enfòmasyon yo a kite pwogram nan lè yo fin poste rapò premye peryòd pou nòt yo.
- Yo mande tout elèv ki nan pwogram Espesyalizasyon yo kenbe atant nou nan domèn prezans, akademik ak konduit. Y ap mete elèv ki pa satisfè kondisyon sa yo nan pwobasyon.
- Si yon elèv pa satisfè kondisyon ki nan pwobasyon an nan fen peryòd nòt ki deziye yo, oswa yon ensidan nivo 3 oswa 4 dapre kritè ki nan Kòd sou Konduit Elèv ki nan SDPBC, men sa ki pou rive. Komite ki soti nan divès lekòl ak kèk reprezantan distri a ap tabli pou revize, diskite ak rekòmande aksyon ki apwopriye, dapre kondisyon pwogram lekòl la, y ap tabli pou revize, diskite ak rekòmande aksyon apwopriye enkli manm ekip ki sipòte elèv la (tankou: ESE, 504, ELL, SBT, eltr) enkli pwogram pou soti dapre kondisyon lekòl la. Lekòl yo kapab retire yon elèv sèlman nan fen yon semès amwenske ta genyen yon ofans grav ki ta valide yon tèt ekspilsyon (Disiplin nivo 3 oswa 4 oswa sou rekòmandasyon komite lekòl la).
- Paran/responsab legal yon elèv, kapab ale ann apèl pou elèv la kont yon desizyon ekspilsyon envolontè nan yon lekòl Espesyalizasyon oswa pwogram dapre grjan sa dekri pi ba a.

Moun dwe soumèt yon demann alekri, nan fòm ki apwopriye a (PBSD2418), pou konteste yon Sòti Envolontè, nan espas senk (5) jou lekòl apati dat yo te resevwa avi sou desizyon lekòl la te pran pou mete elèv la deyò nan pwogram nan. Nan lè aplikasyon an, yo mande pou paran yo siyen yon deklarasyon ki enfòm yo, yo genyen senk jou pou konteste desizyon an, epi p ap gen apèl y ap onore apre senk (5) jou entèval apre yo te resevwa avi alekri sou desizyon pou ekspilse elèv la. Pou telekopye fòm PBSD 2418 Aplikasyon pou Apèl sou Espesyalizasyon an, ale nan <https://www.2.palmbeachschools.org/formssearch/pdf/2418.pdf>.

Rezilta Lotri Espesyalizasyon an

Y ap pibliye rezilta lotri sou Espesyalizasyon pou ane akademik 2020-2021 an nan dat 3 avril 2020.* Y ap poste rezilta yo sou platfòm an nan www.mypbchoiceapp.com, osi byen nan kominikasyon yo voye nan adrès imèl ki sou aplikasyon an. Yo pap bay rezilta yo nan telefòn.

Lè yo fin pibliye rezilta yo, paran/responsab legal elèv yo plase lekòl la dwe aksepte oswa rejte plasman an ak kondisyon ki site pi ba a:

- Lè gen plis elèv pase plas ki disponib nan yon pwogram, yo itilize yon sistèm seleksyon nanj konpitè pou seleksyone elèv. Elèv ki pa seleksyone pou yon plas, yo mete yo nan yon lis datant.
- Si yo kalifye, elèv yo kapab jwenn yon plas sèlman nan yon pwogram; sa ap endike nan aplikasyon an kòm 'Assigned'.
- Elèv ki te resevwa yon plas nan pwogram premye chwa yo pa kapab refize plas la pou l kapap rete sou lis datant la pou tann dezyèm chwa.
- Si yon elèv refize plas nan premye chwa yo, elèv la dwe ale nan lekòl ki nan zòn li.
- Si yo aksepte dezyèm chwa elèv la, li kapab refize plas la pou l rete sou lis datant la pou premye chwa l te fè a, si li satisfè kondisyon kalifikasyon pou pwogram sa a.
- Yo kapab pa seleksyone yon aplikan kalifye nan okenn pwogram li chwazi yo. Si sa rive, kote yo mete elèv la sou lis datant pou pwogram li kalifye a (yo), yo kapab mete l nan nenpòt lekòl ki rapòte gen yon plas.
- Si ta vin gen plas ki disponib nan yon lekòl, gen lòt seleksyon k ap fèt pa konpitè nan lis datant la jiska 3:00 p.m. nan premye jou lekòl la.
- Elèv yo mete nan yon pwogram Espesyalizasyon kalifye pou patisipe nan aktivite ekstrakourikoula ak atletik nan lekòl Espesyalizasyon li ye a.
- Si yo pa seleksyone yon elèv pou vini nan yon pwogram Espesyalizasyon avan ane akademik 2020-2021 an kòmanse, l ap bezwen soumèt yon nouvo aplikasyon pou ane akademik 2021-2022 an.

*Dat rezilta lotri pwogram Espesyalizasyon yo kapab chanje akòz kèk kondisyon ki pa anba kontwòl nou enkli, men pa limite ak: fèm ti Distri a/lekòl yo, reta nan operasyon kotidyèn lekòl nan distri a, chanjman nan kalandriye lekòl, jou ferye, egzamen, eltr. Y ap pibliye dat dènye rezilta yo.

Pou soumèt Aplikasyon pou Espesyalizasyon w

Aplikasyon yo poko konplè jiskaske w resevwa yon konfirmasyon pa imèl. Tanpri ajoute "noreply@mypbchoiceapp.com" nan lis kontak imèl ou pou fè sèten w resevwa tout kominikasyon sou aplikasyon piti ou, fè sèten w tyeke klasè elektwonik ou a "Spam/Junk". Ou kapab tyeke tou platfòm paran w pou tyeke nan ki faz dènye aplikasyon ou te soumèt la ye..

Transpò

Yo bay elèv K-12 transpò atravè estasyon bis nan limit transpò pou chak lekòl espesyalizasyon yo. Yo pa bay transpò pou elèv yo plase nan pwogram matènèl Pre-K3 ak Pre-K 4.

- Estasyon bis pou lekòl espesyalizasyon yo kapab limite epi lokalize byen pi lwen lakay elèv la pase transpò ki nan zòn lekòl regilye elèv la.
- Estasyon bis pou lekòl espesyalizasyon yo kapab pa nan yon distans elèv la kapab mache apye apati lakay li. Yo p ap kreye estasyon bis adisyonèl pou elèv lekòl espesyalizasyon.
- Se responsablite paran an pou l mennen elèv la nan estasyon bis ki pi pre a oswa lekòl la an tout sekirite, san konsidere kibò elèv la rete.

Elèv Lekòl Vityèl

Elèv lekòl Vityèl ap lantan ki elijib dwe rezidan ap lantan reyon Palm Beach. Pou yo kapab detèmine elijiblite yon elèv pou plizyè pwogram, elèv la dwe soumèt kanè li, relvednòt ak/oswa pòtfolyo bay lekòl kote l ap aplike a (yo) pou detèminasyon elijiblite, pa pita pase 3 fevriye 2020. Li kapab tou telechaje dokiman pou elijiblite yo nan aplikasyon sou entènèt la jiska 24 janvye 2020. Kontakte Kowòdinatè Espesyalizasyon an nan lekòl la (yo) pou plis enfòmasyon.